



AmeriHealth Caritas

VIP Care

Rezime benefis yo pou **2026**



Florida

Zòn sèvis: konte Palm Beach,
Broward ak Miami-Dade.

Ti liv sa a ba w yon rezime sou sa nou kouvri ak sa ou gen pou peye. Li pa mansyone tout sèvis nou kouvri yo ni li pa site tout limitasyon oswa esklizyon ki aplike yo. Pou jwenn yon lis ki mansyone tout sèvis nou kouvri yo, ban nou yon koutfil pou mande dokiman ki rele *Prèv asirans lan (Evidence of Coverage, EOC)* oswa ale sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Kiyès ki ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)?

Pou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care, se pou ou kalifye pou jwenn Medicare Pati A, se pou w enskri nan Medicare Pati B, epi se pou w enskri nan pwogram Florida Medicaid la. Se pou ou kalifye pou asistans medikal la nan youn nan kategori èd sa yo:

- Qualified Medicare Beneficiary Plus (**QMB+**).
- Qualified Medicare Beneficiaries (**QMB**).
- Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (**SLMB+**).
- Full Benefit Dual Eligible (**FBDE**).

Se pou ou rete nan zòn sèvis nou. Zòn sèvis nou an genyen konte sa yo ladan l nan Eta Florid: Palm Beach, Broward ak Miami-Dade.

Si w anvizaje enskri men ou gen kesyon sou kalifikasyon w yo, rele nan 1-800-858-1487 (TTY 711).

Ki doktè, lopital ak famasi mwen ka itilize?

- AmeriHealth Caritas VIP Care genyen yon rezo doktè, lopital, famasi ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante. Ou sipoze resevwa swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap peye pou sèvis ki kouvri yo sèlman si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou sa. Pwofesyonèl ak etablisman sante yo ki pa nan rezo a oswa ki pa gen kontra avèk nou pa gen obligasyon pou yo trete manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo, sof nan sitiyasyon ijans. Tanpri rele nan nimewo ekip sèvis pou manm yo oswa konsilte dokiman *Prèv asirans lan (Evidence of Coverage)* pou jwenn plis enfòmasyon, pa egzanp sou depans pataje ki aplike pou sèvis ou jwenn deyò rezo a.
- An jeneral, se pou ou al chèche medikaman sou preskripsyon Pati D ki kouvri yo nan yon famasi ki fè pati rezo a.
- Ou kapab konsilte lis pwofesyonèl ak etablisman sante plan an ak lis famasi plan an sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.
- Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi lis pwofesyonèl ak etablisman sante a ak yon kopi lis famasi a ba w.

Sa nou kouvri

- Menm jan ak tout lòt plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri, epi nou kouvri lòt bagay ankò.
 - Manm plan yo jwenn tout benefis Original Medicare kouvri yo.
 - Mete sou sa, manm plan yo jwenn plis pase sa Original Medicare kouvri yo. Ti liv sa a mansyone kèk nan benefis siplemantè sa yo.
- Nou kouvri medikaman Pati D yo. Epitou, nou kouvri medikaman Pati B tankou medikaman chimyoterapi ak kèk medikaman pwofesyonèl sante w ka ba w.
 - Ou kapab wè tout fòmilè plan an (lis medikaman sou preskripsyon Pati D a) ak restriksyon ki aplike yo sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.
 - Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi fòmilè a ba w.

Kijan m ap fè konnen konbyen kòb medikaman m yo ap koute m?

- Plan nou an klase tout medikaman yo nan sis nivo. Sa medikaman w yo ap koute w pral depann de kantite "èd siplemantè" ("Extra Help") ou resevwa a epi li pral depann de nivo medikaman sa yo tou.

Prim, franchiz ak montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a (MOOP) nan plan an



Prim yo, ko-peman yo, ko-asirans yo ak franchiz yo gendwa chanje selon kategori ou kalifye pou li a anba Medicaid ak/oswa nivo èd siplemantè ou resevwa a.

Prim ou peye chak mwa a	<p>Ou peye \$0</p> <p>(Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo si Medicaid oswa yon lòt òganizasyon pa peye pou yo.)</p>
Franchiz	<p>Plan sa a pa gen okenn franchiz.</p>
Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a	<p>Nan plan sa a, ou ka pa gen anyen pou peye pou sèvis Medicare kouvri yo, selon nivo ou kalifye pou li a anba Medicaid.</p> <p>Men ki limit ou genyen pou ane a nan plan sa a: \$9,250 pou sèvis ou te resevwa nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a.</p> <p>Si w rive nan limit sa ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a, ou kontinye jwenn sèvis lopital ak sèvis medikal ki kouvri yo epi n ap peye tout sa yo koute pou rès ane a.</p>

Benefis medikal ak benefis lopital ki kouvri yo



Benefis lopital ki kouvri yo

Sèvis lopital ki kouvri yo lè pasyan an entènè	Ko-peman \$0 chak lè ou entènè <i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i>
Sèvis lopital ki kouvri yo lè pasyan an pa entènè	Ko-peman \$0 Sa gen ladan l sèvis ki nesesè pou rezon medikal pou dyagnostik oswa trete yon maladi oswa yon blesi. <i>Se pa tout sèvis prevansyon oswa sèvis dyagnostik pasyan an resevwa san li pa entènè ki mande yon otorizasyon.</i>
Sèvis nan sant chirijikal anbilatwa (ASC)	Ko-peman \$0 <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>



Vizit kay doktè

Vizit kay doktè (Pwofesyonèl sante prensipal ak espesyalis)	<ul style="list-style-type: none"> • Vizit kay pwofesyonèl sante prensipal (PCP): Ko-peman \$0 pou chak vizit • Vizit woutin yon fwa chak ane: Ko-peman \$0 pou chak vizit • Swen nan men yon espesyalis: Ko-peman \$0 pou chak vizit
---	---



Prevansyon

Nenpòt sèvis prevantif Medicare apwouve pandan ane kontra a ap kouvri.

Swen prevansyon	Ko-peman \$0
	<ul style="list-style-type: none"> • Depistaj anevris awòtik abdominal • Konsèy pou abi alkòl • Mezi mas osez • Depistaj kansè tete (mamografi) • Maladi kadyovaskilè (terapi konpòtmantal) • Depistaj kadyovaskilè • Depistaj kansè sèvikal ak kansè vajinal • Depistaj kansè kolorektal (kolonoskopi, tès san kache nan pou pou, sigmoidoskopi fleksib) • Depistaj depresyon • Depistaj dyabèt • Fòmasyon pou ede moun aprann jere dyabèt poukont yo • Sèvis ak founiti pou moun ki gen dyabèt • Pwogram edikasyon sou sante ak byennèt • Depistaj VIH • Depistaj kansè poumon • Terapi alimantasyon medikal • Pwogram prevansyon dyabèt Medicare (MDPP) • Depistaj ak konsèy pou obezite • Depistaj kansè pwostat (PSA) • Depistaj ak konsèy pou enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl • Konsèy pou ede moun kanpe tabak (konsèy pou moun ki pa gen okenn siy ki montre yo gen yon maladi ki gen rapò ak tabak): - Kat vizit sipleman tè kay PCP a pèsòn pou ede moun kite fimen/itilize tabak chak ane • Vaksen, san wete piki kont grip la, piki kont epatit B a, piki kont nemokòk la, vaksen kont COVID-19 la • Swen vizyon • Vizit prevasyon lè manm nan fèk enskri nan Medicare (yon sèl fwa)



Swen ijans ak swen rapid

Swen ijans	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Depans pataje pou sèvis ijans ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.</p>
Sèvis manm nan bezwen rapid	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Sa gen ladan l sèvis ki nesesè pou trete yon maladi, yon blesi oswa yon pwoblèm medikal ki pa yon ijans, ki parèt sanzatan e ki mande yon atansyon medikal imedyat.</p> <p>Depans pataje pou sèvis rapid ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.</p>



Sèvis dyagnostik, analiz nan laboratwa ak imajri

<p>Sèvis dyagnostik/Analiz nan laboratwa/Imajri (san wete tès ak pwosedi dyagnostik, analiz nan laboratwa, radyoloji dyagnostik ak radyografi)</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tès ak pwosedi dyagnostik. • Analiz nan laboratwa. • Sèvis radyoloji dyagnostik (tankou imajri rezonans mayetik [MRI], anjyografi rezonans mayetik [MRA], tomografi enfòmatis [CT] ak tomografi emisyon pozitwon [PET]). • Radyografi san pasyan an pa entènè. <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
---	---



Sèvis odisyon

<p>Sèvis odisyon</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ko-peman \$0 pou yon maksimòm yon egzamen odisyon woutin chak ane. • \$2,000 kòm alokasyon pou achte de aparèy pou tande avanse ki pa enplantab e ki gen mak TruHearing chak ane (limit la se yon aparèy pou tande pou chak zòrèy). <p>Alokasyon sa a kouvri sa de [2] aparèy pou tande avanse ki pa enplantab e ki gen mak TruHearing chak ane (limit la se 1 aparèy pou tande pou chak zòrèy). Apre benefis plan an peye pou li a, se ou k ap peye kòb ki rete a. * Ou dwe konsilte yon pwofesyonèl TruHearing pou itilize benefis sa a. Benefis pou achte yon aparèy pou tande a gen ladan l:</p> <ul style="list-style-type: none"> - 12 premye mwa yo pou vizit suivi kay pwofesyonèl sante a - Yon peryòd esè 60 jou - Yon garanti pwolonje pandan 3 ane - 80 pil pou chak aparèy pou tande pou modèl ki pa ka rechaje yo <p>Benefis la pa gen ladan l oswa pa kouvri sa ki vin annapre yo: Aparèy pou tande yo vann san preskripsyon, moul pou zòrèy, akseswa pou aparèy pou tande yo, plis vizit kay pwofesyonèl sante a, plis pil, pil lè se yon aparèy pou tande ki ka rechaje ou achte, aparèy pou tande ki pa aparèy pou tande avanse ki gen mak TruHearing, depans ki fèt pou reklamasyon garanti pou pèt ak domaj yo.</p> <p>Se manm nan ki pou peye pou depans ki fèt pou atik ki pa fè pati benefis la paske plan an pa kouvri yo.</p> <p>* Kòb ki rete a se nenpòt montan anplis alokasyon ou jwenn nan</p> <p>Sèvis ki pa janm kouvri nan okenn kondisyon: Aparèy pou tande ak vizit kay pwofesyonèl sante pou fè antretyen aparèy pou tande yo (sof lè sa dekri nan benefis ki kouvri yo), aparèy pou tande yo vann san preskripsyon, moul pou zòrèy, akseswa pou aparèy pou tande yo, depans ki fèt pou reklamasyon garanti yo ak pil pou aparèy pou tande yo (anplis 80 pil ki gratis pou chak aparèy pou tande ki pa ka rechaje ou achte).</p>
----------------------	---



Sèvis dantè

<p>Sèvis dantè</p>	<p>Nou kouvri sèvis sa yo:</p> <p>Prevansyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Egzamen bouch – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0 • Netwayaj – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0 • Tretman fliyowid – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0 • Radyografi dantè – youn chak senk ane (sa ka varye selon sèvis la): Ko-peman \$0 <p>Konplè:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ti restorasyon (plonbaj). • Rache dan pa mwayen metòd senp lan oswa pa mwayen chiri. • Ratelye (1 pou chak akad chak 5 an). • Reparasyon fo dan ak rebazaj. • Chiriji nan bouch. • Pawodonti/Andodonti. • Kouwòn. • Mini-enplan. <p>Limit \$2,500 nan sa plan an kouvri pou benefis dantè konplè yo chak ane.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ak yon limit gendwa aplike pou kèk sèvis dantè konplè. Se ou ki sipoze peye pou nenpòt montan ki anplis limit benefis la.</i></p>
--------------------	--

 Sèvis vizyon

Sèvis vizyon	<ul style="list-style-type: none"> • Ko-peman \$0 pou dyagnostik ak tretman Medicare kouvri yo pou maladi ak pwoblèm je. • Ko-peman \$0 pou yon maksimòm yon egzamen vizyon woutin chak ane. • Yon maksimòm \$415 chak ane pou linèt oswa pou lantiy kontak.
--------------	--

 Sèvis sante mantal

Sèvis sante mantal	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> • Vizit pandan pasyan an entènè. • Vizit terapi an gwoup san pasyan an pa entènè. • Vizit terapi individyèl san pasyan an pa entènè.
--------------------	---

 Etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF) ak terapi

Etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF)	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Plan nou an kouvri yon maksimòm 100 jou nan yon SNF pou chak fwa ou entènè. <i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>
Fizyoterapi	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ègoterapi • Òtofofi <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>



Anbilans ak transpò lè pa gen ijans

Anbilans	Ko-peman \$0 <i>Yon otorizasyon alavans nesesè pou sèvis anbilans lan si sitiyasyon an pa yon ijans.</i>
Transpò	Ko-peman \$0 Trajè ale sèlman san limit pou ale nan lokal plan an apwouve chak ane (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital. Sa ka gen ladan l transpò nan machin, nan minibis oswa nan kamyonèt, selon sa ki apwopriye pou sitiyasyon an ak bezwen manm yo.) <i>Se pou ou mande transpò a omwen yon jou biznis alavans, sof nan sikonstans espesyal. Gen limit nan kantite kilomèt yo.</i>



Medikaman Medicare Pati B

Medikaman Medicare Pati B	Ko-peman \$0 <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman chimyoterapi prefere. • Lòt medikaman Pati B prefere. <i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i> <i>Yon ko-asirans 20% ap aplike pou medikaman chimyoterapi ki pa prefere ak lòt medikaman Pati B ki pa prefere.</i>
---------------------------	---

Medikaman sou preskripsyon Pati D



AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri anpil diferan medikaman sou preskripsyon. Sa ka gen ladan l medikaman ou pran chak jou yo pou amelyore sante w ak byennèt ou.

<p>ENPÒTAN: Si w resevwa èd nan men Medicaid oswa "èd siplemantè" a ("Extra Help"), ou gendwa peye mwens pase montan depans pataje ki endike nan dokiman sa a. Si w chanje kategori nan kalifikasyon w pou Medicaid oswa si w chanje nivo nan èd siplemantè ou resevwa a, depans pataje w la gendwa ogmante oswa diminye. Tanpri gade dokiman <i>Prèv asirans lan (Evidence of Coverage, EOC)</i> pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis yo.</p>	
<p>Etap franchiz pou ane a</p>	<p>\$615 pou nivo 1-5, epi sèlman si w resevwa "èd siplemantè" ("Extra Help") nan men Medicare, franchiz ou a se \$0. Franchiz la pa aplike pou nivo 6 la.</p>
<p>Etap kote plan an kòmanse kouvri</p>	<p>-Nivo 1-5: Ko-asirans 0-25% -Nivo 6: Ko-peman \$0 -Ou kapab jwenn yon kantite medikaman k ap dire 30, 60 oswa jiska 100 jou nan yon famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo epi ou kapab jwenn yon kantite medikaman k ap dire 61 rive 100 jou si w sèvi ak yon sèvis pou kòmande medikaman sou preskripsyon pa korespondans.</p>
<p>Etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf</p>	<p>Ko-peman \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon</p>

Si w vle konnen ki famasi ki fè pati rezo w, ale sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl

Benefis siplemantè ki kouvri



<p>Akiponkti</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Yon maksimòm 20 vizit akiponkti ak vizit swen chiwoptatik (san Medicare) ki nesesè pou rezon medikal chak ane.</p>
<p>Lòt sèvis pou ede moun kite fime oswa sèvi ak tabak</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Kat vizit siplemantè kay pwofesyonèl sante prensipal la an pèsòn pou ede moun kite fimen/itilize tabak chak ane. Vizit sa yo ajoute sou uit vizit Medicare kouvri yo. Sa bay yon total 12 vizit pandan yon peryòd 12 mwa.</p>
<p>Swen chiwoptatik</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Yon maksimòm 20 vizit akiponkti ak vizit swen chiwoptatik (san Medicare) ki nesesè pou rezon medikal chak ane.</p>
<p>Benefis fitnès</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>SilverSneakers® se yon benefis fitnès ki gratis. Li pèmèt manm yo ale nan etablisman fitnès SilverSneakers® ki patisipe yo, jwenn resous pou byennèt yo sou Entènèt epi patisipe nan kou fitnès.</p>



Benefis siplemantè ki kouvri (suit...)

<p>Sèvis sante adomisil</p>	<p>Ko-peman \$0 Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Swen enfimiyè espesyalize atanpasyèl oswa entèmitan ak sèvis èd sante adomisil (yo kouvri anba benefis swen sante adomisil la, men swen enfimiyè espesyalize ak sèvis èd sante adomisil ou resevwa yo dwe bay yon total ki mwens pase 8 èdtan chak jou ak 35 èdtan chak semèn) • Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofonni • Sèvis medikal ak sèvis sosyal • Ekipman ak founiti medikal <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>
<p>Benefis repa apre yon egzeyat</p>	<p>Ko-peman \$0 Benefis repa apre egzeyat la peye pou 14 repa pou yon semèn pou yon manm ki oblije ret lakay li e ki kalifye apre chak lè li egzeyate nan yon etablisman kote li te entène oswa nan yon etablisman swen enfimiyè espesyalize. Yon maksimòm kat fwa chak ane.</p> <p><i>Li nesesè pou doktè a refere manm nan.</i></p>



Benefis siplemantè ki kouvri (suit...)

<p>Ekipman/Founiti medikal</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekipman medikal dirab (p. eg. chèz woulant ak oksijèn). • Pwotèz (p. eg. atèl, manm atifisyèl ak pwotèz tete). <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè pou:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekipman medikal dirab Medicare kouvri ki koute plis pase \$750. • Atik pou lwe ak atik ou ka lwe pou achte. • Acha chèz woulant (ni sa ki elektrik ni sa ki mànyèl) ak tout akseswa pou chèz woulant yo (konpozan), kèlkeswa sa chak atik koute. • Siplemant nitrisyonèl anteral • Founiti dyabetik ki pa prefere ak monitè glikoz kontini (yon ko-asirans 20% ap aplike)
<p>Sèvis nan kad pwogram tretman pou opyoyid</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konsèy pou abi sibstans. • Terapi endividyèl ak terapi an gwoup. • Depistaj toksikoloji.
<p>Reyabilitasyon san pasyan an pa entènè.</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis reyabilitasyon kadyak (pou kè a). • Fizyoterapi. <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>



Benefis siplemantè ki kouvri (suit...)

<p>Pwodui yo vann san preksipsyon</p>	<p>\$80 chak mwa pou depanse pou atik yo vann san preskripsyon ki kalifye tankou vitamin, medikaman pou doule, remèd pou rim ak plis bagay ankò. Kòb la chaje chak mwa sou yon kat debi plan an bay.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo • Pa gen limit sou kantite atik oswa kòmman yo • Nenpòt kòb ki rete ap ekspire nan fen chak mwa oswa lè manm nan dezenskri nan plan an
<p>Sistèm repons ijans pèsonèl (PERS)</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Yon sistèm repons ijans pèsonèl (PERS) se yon sistèm siveyans ak alèt medikal ki pèmèt pasyan peze yon bouton pou jwenn èd 24 sou 24, 7 jou sou 7. Nou pwopoze plizyè modèl, san wete yon aparèy mobil moun nan ka mete sou li. Benefis la limite nan yon sèl aparèy chak ane.</p>
<p>Sèvis podyatri</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>12 vizit woutin pou swen pye chak ane.</p>



Benefis siplemantè ki kouvri (suit...)

<p>SSBCI</p>	<p><u>SSBCI</u></p> <p>Si w kalifye pou SSBCI, w ap resevwa yon kredi \$105 chak mwa pou ede w peye pou depans ou fè nan lavi chak jou a. Ou kapab sèvi ak kredi sa a pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manje ki bon pou sante w • Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz) <p>Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen youn nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo: pwoblèm kadyovaskilè, pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape w, maladi gastwo-entestinal ki kwonik (sèlman maladi fwa nan etap final), pwoblèm poumon ki kwonik (sèlman bwonkonemopati obstriktif kwonik), ensifizans kadyak konjestif, maladi tisi konjonktif, demans, dyabèt melitis, sitiyasyon kote ou twò gwo, obezite ak sendwòm metabolik, ak estwok.</p> <p>Epitou: Pwoblèm sante a dwe menase lavi manm nan oswa li dwe mete gwo limit sou sante oswa sou fonksyon manm nan; manm nan dwe gen yon gwo risk pou l entènè lopital oswa pou l sibi lòt konsekans ki negatif pou sante l la; epi manm nan dwe bezwen yon sèvis kowòdinasyon swen ki entansif. Plan an pral egzamine kritè objektif yo pou detèmine si manm nan kalifye. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou verifye si li kalifye, manm nan ta dwe kontakte plan an.</p>
--------------	---



Benefis siplemantè ki kouvri (suit...)

<p>Telemedsin</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Nou ofri tout manm yo posiblite pou yo pale avèk yon doktè ki patisipe nan telefòn, sou òdinatè yo oswa sou aparèy mobil yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a. Manm yo kapab konsilte yon doktè pou jwenn swen medikal, konsèy oswa sèvis sikyatrik. Epitou, manm yo ka pran yon randevou telemedsin pou pi devan.</p>
<p>Swen ijans/rapid toupatou nan monn nan</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>\$50,000 kòm benefis maksimòm ki konbine pou ane a nan plan an pou swen ijans toupatou nan monn nan, pou swen rapid toupatou nan monn nan e pou sèvis transpò ijans toupatou nan monn nan.</p>
<p>Liy enfimyè ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7</p>	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Liy enfimyè 24/7 la se yon sèvis ki disponib pou tout manm yo 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Sèvis sa a la pou bay manm yo yon resous k ap reponn kesyon yo genyen yo sou sante e pou rekòmande yo nivo swen yo ka bezwen an.</p>

Sèvis Florida Medicaid kouvri yo ak egzansyon HCBS yo

Lis ki anba a bay yon apèsi jeneral sou sa ki kouvri yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri itilize lyen sa a:

<https://ahca.myflorida.com/medicaid/medicaid-policy-quality-and-operations/medicaid-policy-and-quality/medicaid-policy/florida-medicaid-s-covered-services-and-hcbs-waivers>

Sèvis ki kouvri yo

- Sèvis alèji
- Sant chirijikal anbilatwa
- Sèvis anestezi
- Sèvis swen asiste
- Analiz konpòtmantal
- Sèvis konplemantè pou sante konpòtmantal
- Sant nesans ak sèvis fanmsaj
- Sèvis kadyovaskilè
- Pwogram korespondans lekòl sètifye
- Pwogram korespondans konte pou sèvis abi sibstans sètifye
- Sèvis chiropratik
- Sèvis sante konpòtmantal kominotè
- Sèvis nan Depatman Sante Konte a (CHD)
- Sèvis dantè
- Sèvis dyaliz
- Ekipman medikal dirab (DME) ak founiti medikal
- Sèvis entèvansyon bonè
- Sèvis evalyasyon ak jesyon
- Sèvis egzansyon planing

- Sèvis nan sant sante ki kalifye anba règ federal yo
- Sèvis gastwo-entestinal
- Sèvis jenito-irinè
- Sèvis odisyon
- Sèvis sante adomisil
- Sèvis ospis
- Lopital - Pasyan ki entène
- Lopital - Pasyan ki pa entène
- Lopital - Sante mantal Eta
- Sèvis tegimantè
- Sèvis nan etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/IID)
- Sèvis laboratwa
- Sèvis medikal nan kad akèy nan fwaye (MFC)
- Newoloji
- Etablisman swen enfimye
- Sèvis chiriji bikal ak maksilofasyal
- Sèvis òtopedik
- Sèvis jesyon doulè
- Sèvis podyatri
- Sèvis medikaman sou preskripsyon
- Sèvis swen pwolonje pedyatrik ki preskri (PPEC)
- Pwogram swen ki enkli tout bagay pou granmoun aje yo (PACE)
- Sèvis radyoloji ak medsin nikleyè
- Redireksyon
- Sèvis repwodiksyon
- Sèvis respiratwa

- Sèvis nan sant sante riral
- Pwogram sèvis nan lekòl – Pwogram Depatman Sante Konte a (CHD)
- Swen terapetik espesyalize nan fwaye dakèy
- Sèvis nan pwogram sikyatrik pou pasyan ki entène nan tout Eta a
- Jesyon dosye sible - Sante timoun
- Jesyon dosye sible - Timoun ki fè fas ak yon risk pou sibi abi ak neglijan
- Jesyon dosye sible - Sante mantal
- Sèvis terapi – Ègoterapi
- Sèvis terapi – Fizyoterapi
- Sèvis terapi – Inaloterapi
- Sèvis terapi – Ôtofofi
- Sèvis grèf
- Transpò - Ijans
- Transpò - San ijans
- Sèvis aparèy pou wè
- Sèvis swen je

Egzanpsyon pou sèvis adomisil ak nan kominote a (HCBS)

- Distoni familyal
- iBudget
- Swen alontèm
- Modèl

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care:

- **Ou poko yon manm?**
Kontakte nou nan 1-800-858-1487 (TTY 711) ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.
- **Ou deja yon manm?**
Kontakte nou nan 1-833-535-3767 (TTY 711) ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.
- Ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Original Medicare kouvri yo ak sa yo koute, gade ti liv ki rele *Medicare & You* a. Ou ka konsilte l sou sitwèb www.medicare.gov oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY 1-877-486-2048), 24 sou 24, sèt jou sou sèt, pou mande yon kopi.

Enfòmasyon sa yo pa dekri tout benefis yo nèt. Rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711) nan orè ki endike anwo a pou jwenn plis enfòmasyon.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòm, pa egzanp an gwo karaktè, an bray oswa sou fòm odyo. Rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711) ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.



www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.